



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI NOUVO RANP SOU JONKSYON WOUT I-390  
SEMÈN SA**

***Ramp la bay vwayajè yo aksè dirèk a I-390, Wout 15A ak Wout 15***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse nouvo antre ak sòti ranp sou Otowout 390 (Interstate 390) nan Sòti 16 nan vil Brighton, Konte Monroe. Yon etap enpòtan nan pwojè Aksè 390 30.7 milyon dola, ranp sa yo pral amelyore sekirite epi fasilite vwayaj kote Wout 15A (East Henrietta Road) ak Wout 15 (West Henrietta Road) rankontre otowout la. Yo prevwa ranp yo ap ouvè nan Jedi 3 Novanm 2016.

“Amelyorasyon sikilasyon ak enfrastrikti sa yo esansyèl pou fè wout New York yo vin pi fyab, ansekirite, ak pi fasil pou vwayajè yo nan zòn Rochester,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo ranp lan pral fasilite vwayaj ale retou sou otowout la bay aksè dirèk nan inivèsite, lopital, ak sant dacha rejyon an, epi ede stimile aktivite ekonomik nan Konte Monroe ak pi lwen ankò.”

Sòti 16, ki konekte avèk trafik nan direksyon nò sou I-390 nan East Henrietta Road ak nan West Henrietta Road, te transfòme nan de soti separe e li gen ladan twa nouvo ranp. Pou ede dirije sikilasyon an, ap gen gwo siy sou tèt I-390 nan direksyon nò ansanm avèk lòt siy règleman ke yo te enstale.

**Nouv ranp sòti a gen ladan:**

- Yon nouvo Sòti 16B pou pèmèt aksè nan East Henrietta Road ki prale nan direksyon nò:
- Yon nouvo Sòti 16A pou pèmèt aksè nan East Henrietta Road ki prale nan direksyon sid ak West Henrietta Road; ak
- Yon nouvo antre ranp apati Wout 15A pou pèmèt aksè a I-390 nò.

Nouvo otowout la bay aksè a Inivèsite Rochester (University of Rochester), Sant Medikal Inivèsite Rochester (University of Rochester Medical Center) ak Kolèj Kominotè Monroe (Monroe Community College, MCC). Vwayajè yo pral gen aksè ki pi fasil a sant dacha ansanm avèk restoran lokal yo.

**Komisyonè Depatman Transpòtasyon Eta (State Department of Transportation) Matthew J. Driscoll te deklare,** “Sòti 16 nan I-390 se youn nan jonksyon wout ki pi frekante nan rejyon an e nouvo ranp sa yo pral senplifye vwayaj pou apeprè 28,000 otomobilis ki itilize l chak jou. Pwojè sa reprezante reyèlman angajman Gouvènè Cuomo pou fè investisman entelijan nan transpòtasyon ki pral non sèlman amelyore sekirite epi redwi konjesyon, men ki pral sipòte tou ekonomi lokal la nan amelyore aksè a biznis ansanm avèk sèvis ke nou konte sou yo chak jou.”

Travay te kòmanse nan ete 2015 lan nan kad pwojè ki ankou pou rekonstwi jonksyon Otowout 390 ak Wout 15A (East Henrietta Road). Sa se twazyèm ak dènye faz nan yon seri pwojè pou amelyore aksè ant I-390 ak wout adjasan yo, sa ki gen ladan Kendrick Road, East River Road, ansanm avèk West Henrietta Road ak East Henrietta Road, ki rele tou Aksè 390 Jonksyon wout 16.

Dènye faz pwojè sa gen ladan tou reyabilitasyon de pon. Nan ete 2016, pon ki sou Wout 15A sou I-390 te fini avèk yon nouvo sifas pou kondwi ansanm avèk lòt amelyorasyon striktirèl, e kounye a yap ranplase pon wout 15A sou Kanal Erie (Erie Canal). Pati sa nan pwojè a pral fini nan mwa out 2017.

**Depite Louise Slaughter te deklare,** “Envesti nan enfrastrikti nou enpòtan pou kenbe peyi nou an konpetitif ekonomikman ak wout nou yo ansekirite pou vwayajè yo. Amelyorasyon sa yo se bon nouvèl pou vwayajè yo, espesyalman plizyè moun ki konte sou jonksyon wout sa chak jou pou gen aksè a kolèj, inivèsite nivo mondyal, ansanm avèk sant medikal yo.”

**Senatè Joseph E. Robach te deklare,** “I-390 se yon wout vwayaj enpòtan pou anpil rezidan nan Konte Monroe, bay aksè a pi gwo kantite travay nan zòn nou an, inivèsite ak kolèj, etablisman swen sante ak koridò komès andetay. Investisman sa pral amelyore sekirite woutye pou rezidan ak vizitè Konte Monroe yo pandan l ap amenaje enfrastrikti transpò nan rejyon an.”

**Lidè Majorite Asanble a Joseph D. Morelle te deklare,** “Amelyore sistèm transpòtasyon nou an esansyèl pou siksè ak kwasans ekonomik Rochester. Chanjman yo ki te fèt nan jonksyon wout 390 ak Wout 15A pral ogmante fasilite aksè pou otomobilis yo, an retou lap redwi reta epi kreye yon anviwonman ki pi ansekirite pou vwayaj. Pwogrè sa make yon lòt etap nan bon direksyon an pou vil nou an e mwen kontan paske nou te gen yon opòtinite pou sipòte pwojè alontèm sa a.”

**Egzekitif Konte Rochester Cheryl Dinolfo te deklare,** “Enfrastrikti modèn se youn nan devlopman ekonomik enpòtan. Jonksyon wout enpòtan sa pèmèt aksè konvenyan pou plizyè milye djòb nan Inivèsite Rochester (University of Rochester), MCC ansanm avèk anpil lòt travay ki pral eksperimante yon stimilan nan pwojè a. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman kontinyèl li nan pwojè transpòtasyon an nan Konte Monroe.”

Pou jwenn dènnye enfòmasyon sou vwayaj, rele 511 oswa vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org), oswa nouvo sit mobil nou an nan [m.511ny.org](http://m.511ny.org).

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak sou Facebook nan [facebook.com/NYS DOT](https://facebook.com/NYS DOT). Pou tweet ki soti nan Biwo NYSDOT Rochester, swiv [@NYS DOT Rochester](https://twitter.com/NYS DOT Rochester).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418